



**THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL**

**MICHAEL J. BURKE
SUPERINTENDENT**

**KAREN M. BRILL
BOARD CHAIR**

**OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869**

**MATTHEW JAY LANE, ESQ.
BOARD VICE CHAIR**

MARCIA ANDREWS
GLORIA BRANCH
EDWIN FERGUSON, ESQ.
VIRGINIA SAVIETTO
ERICA WHITFIELD

PHONE: 561-649-6833 / FAX: 561-649-6837

WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

**Avi Anyèl Tit I 2026-2027 sou Dwa
Paran/Responsab pou Yo Konnen**

10 out 2026

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la resevwa lajan federal pou lekòl Tit I yo, dapre lwa "Every Student Succeeds Act" (ann anglè ESSA). Kòm paran oswa responsab yon timoun ki nan yon lekòl Tit I, ou genyen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon konsènan edikasyon pitit ou.

Dapre lwa ESSA, ou genyen dwa pou mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè (yo) pitit ou ak nenpòt parapwofesyonèl, ki genyen ladan:

- Si wi oswa non pwofesè a te satisfè egzijans sètifikasyon ak lisans eta a pou nivo klas ak matyè li ap anseye;
- Si wi oswa non pwofesè a ap anseye dapre yon ka ijans oswa atravè yon lòt sitiyasyon pwovizwa kote yo pa te konsidere kritè kalifikasyon oswa lisans leta yo;
- Diplòm nivo etid inivèsité pwofesè a ak nenpòt sètifikasyon oswa diplòm li genyen, tankou domèn etid li genyen sètifikasyon oswa diplòm sa yo; epi
- Si wi oswa non pitit ou resevwa sèvis nan men yon parapwofesyonèl epi, si li aplikab, kalifikasyon parapwofesyonèl la

Anplis, w ap resevwa yon avi atan si yo te mete pitit ou oswa li te resevwa ansèyman pandan kat semèn konsekitif oswa plis nan men yon pwofesè ki pa satisfè egzijans sètifikasyon oswa lisans eta a pou nivo klas la ak matyè li ap anseye a.

Pou mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesè oswa parapwofesyonèl yo ki anseye oswa bay pitit ou sèvis, tanpri kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak moun ki responsab Tit I an.

Pandan ane eskolè a, lekòl la ap ba w tou enfòmasyon konsènan akonplisman ak pwogrè akademik pitit ou nan evalyasyon akademik eta a.

Mèsi pou enterè w ak patisipasyon san rete nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Michael J. Burke
Sipèentandan